Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

NAN JOUNEN KOMEMORASYON TRANS-SEKSYÈL LA, GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI POU FÈ NEW YORK VIN PI ENKLIZIF AK ONORE SILA YO KI PÈDI LAVI YO AKÒZ RAYISANS AK VYOLANS

Deplwaman istorik bwat zouti sou idantite seksyèl bay ajans yo nan Eta New York jan sa dekri nan diskou sou Sitiyasyon Eta 2020 Gouvènè Cuomo a

Biwo sou Relasyon avèk Anplwaye Gouvènè a te prepare resous fòmasyon sou konpetans kiltirèl trans-seksyèl

Fòmasyon ki vize edike anplwaye yo nan eta a pou asire Nouyòkè trans-seksyèl yo resevwa sèvis ki pa diskriminatwa epi ki kiltirèlman adapte

Moniman yo nan eta a pral limen aswè a pou komemore moun trans-seksyèl ki pèdi lavi yo akòz rayisans ak vyolans

Jodi a, nan okazyon Jounen Komemorasyon Trans-seksyèl la, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Biwo Relasyon avèk Anplwaye (Office of Employee Relations) Gouvènè a te pibliye premye Bwat Zouti sou Idantite Seksyèl la (Gender Identity Toolkit) bay tout ajans yo nan eta a. Bwat zouti a pral sèvi tankou yon resous fòmasyon kle pou tout anplwaye yo nan eta a pou asire Nouyòkè ki trans-seksyèl ak ki pa konfòme ak yon sèks yo resevwa bon jan kalite sèvis ki pa diskriminatwa, lè y ap entèraji ak oswa pandan yo se anplwaye Eta a. Gouvènè Cuomo te premye prezante bwat zouti a nan Diskou sou Sitiyasyon Eta li a an 2020.

Anplis de sa, an rekonesans ak Jounen Komemorasyon Trans-seksyèl la ak pou onore moun trans-seksyèl yo ki te pèdi lavi yo akòz rayisans ak vyolans ane sa a, moniman yo nan eta a pral limen aswè sa a avèk koulè drapo trans-seksyèl la -- woz, blan ak ble pal. Sa yo enkli:

- 1WTC;
- Pon Governor Mario M. Cuomo a;
- Pon Kosciuszko a;
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan;
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building);
- Batiman Biwo Eta Alfred E. Smith lan (Alfred E. Smith State Office Building) la;
- Pak Ekspozisyon Eta New York - Pòt Prensipal;
- Niagara Falls;
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson;

- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a; ak
- Pòtay Ayewopò Entènasyonal Albany (Albany International Airport Gateway)

"Eta nou an se bèso mouvman dwa LGBTQ a epi pandan n ap obsève Jounen Komemorasyon Trans-seksyèl la ak sonje sila yo ki te pèdi lavi yo akòz vyolans, n ap double angajman nou pran pou pwoteje ak agandi dwa Nouyòkè trans-seksyèl ak Nouyòkè ki pa konfòme ak yon sèks yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Moun trans-seksyèl yo ak moun ki pa konfòme ak yon sèks toujou fè fas ak diskriminasyon chak jou, sa ki rann li pi enpòtan pou asire mendèv eta New York la gen zouti, resous ak konpreyansyon nesesè pou asire New York toujou kenbe prensip diyite, respè ak enklizyon li yo."

Bwat Zouti sou Idantite Seksyèl la bay yon entwodiksyon ki pral ede defini tèm ak akwonim yo konn itilize souvan yo; enfòmasyon enpòtan pou pèsonèl sipèvizyon ak resous imèn lan; direktiv pou bay sèvis kliyan apwopriye pou kliyan trans-seksyèl ak sila ki pa konfòme ak yon sèks yo; oryantasyon sou bon itilizasyon non ak pwonon yo; pi bon pratik pou bon konpòtman ak langaj nan espas travay, lwa, règleman ak aktivite règlemantè ki enpòtan yo; ak oryantasyon sou planifikasyon tranzisyon pou anplwaye trans-seksyèl ak sila yo ki pa konfòme ak yon sèks.

Anba lidèchip Gouvènè a, ajans yo nan Eta a te ranfòse règleman ki pa diskriminatwa yo ak edikasyon pou Nouyòkè trans-seksyèl yo. Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) la te aplike dènyeman Règleman ak Pwotokòl ki Pa gen Diskriminasyon nan zafè Idantite Seksyèl ak Ekspresyon Seksyèl (Gender Expression Nondiscrimination Policy and Protocols), yon nouvo règleman pou ede asire pi bon rezilta nan swen ak tretman pou pasyan trans-seksyèl ak non binè yo. Aplikasyon règleman sa a fè pati yon apwòch plizyè fasèt OMH adopte pou fè avanse konpetans kiltirèl, amelyore kominikasyon ak bay swen ekitab ki santre sou pasyan pou popilasyon pasyan divèsifye yo. Mwa sa a, Divizyon Dwa Zimen (Division of Human Rights) te fè yon toune Konnen Dwa Ou (Know Your Rights) nan kad GENDA nan tout eta a pou edike Nouyòkè yo sou dwa ak responsablite yo anvè kominote trans-seksyèl la. Nan kòmansman ane sa a, Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) la te aplike yon nouvo règleman pou ranfòse konpetans kiltirèl ak non-diskriminasyon pou lojman k ap bay sèvis pou trans-seksyèl ak moun ki pa konfòme ak yon sèks ki nan sitiyasyon sanzabri yo.

Pandan tout manda li a, Gouvènè Cuomo te yon lidè nasyonal nan defann dwa LGBTQ yo epi li te batay kont atak gouvènman federal la kontinye fè yo kont kominote LGBTQ a, ki enkli entèdiksyon sòlda trans-seksyèl yo nan lame a ak retire pwoteksyon swen sante pou moun LGBTQ yo. Nan kòmansman ane a, Gouvènè Cuomo te siyen dokiman sou matènite sibstitisyon ki pa jenetik legalize a pou vin lwa nan eta a, sa ki ap ede koup LGBTQ yo ak koup ki enfètil yo elve pwòp fanmi yo. Ane pase, Gouvènè Cuomo te siyen Lwa Kont Diskriminasyon sou Ekspresyon Seksyèl (Gender Expression Non-Discrimination Act, GENDA) lan, yon lwa ki ap entèdi pratik deplorab terapi konvèsyon

an, ak entèdiksyon defans panik kont moun ki omoseksyèl ak trans-seksyèl yo ki te dwe fèt depi lontan. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te tounen pi gwo eta nan peyi a ki adopte egalite maryaj apre Gouvènè a te pwomilge Lwa sou Egalite Maryaj la. Nan kòmansman ane sa a nan gala Kanpay sou Dwa Zimen Rejyon Metwopolitèn New York la (Human Rights Campaign Greater New York Gala) nan mwa fevriye a, Gouvènè Cuomo te anonse sipò li pou anile estati "Lè w ap mache antake trans-seksyèl" ("Walking While Trans"), kote fanm trans-seksyèl yo te sibi kontwòl lapolis yon fason ki pa apwopriye pou konduit ki inosan ak legal. Mwa out ki sot pase a, Gouvènè a te anonse inogirasyon Pak Eta East River a nan Brooklyn pou defen aktivis dwa sivil LGBTQ yo Marsha P. Johnson, ki se premye pak Eta a nan New York ki onore yon moun LGBTQ ak fanm koulè trans-seksyèl.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU